TIL HÁM AWDARMA MÁSELELERI
VI ilimiy maqalalar toplamı

# INSANNIŃ SÓYLEW MÁDENIYATI HÁM ONIŃ KÓRINISLERI

**Perdebaeva Sh.A**
*Jurnalistika kafedrası*

**DOI:** https://doi.org/10.5281/zenodo.15689295

Sóylew mádeniyatı teoriyasında til norması oraylıq túsinik bolıp esaplanadı. Til norması túsinigi quramalı mashqalalardan bolıp, kóp ólshewli, kóp rejeli, yaǵnıy, obyektiv tariyxıy, mádeniy sociologiyalıq hám sap lingvistikalıq hádiyse bolıp esaplanadı. Solay eken, sóylew mádeniyatı tiykarınan ádebiy til normaların, onıń tariyxıylıǵı, rawajlanıwı, ondaǵı bar elementlerdiń góneriwi, olar ornında jámiyettiń jańa normativ elemenitleriniń payda bolıwın baqlap baradı.

Hár bir dáwirdiń ádebiy tiliniń óz normaları boladı. Bazıbir hádiyseler uzaq dáwirler norma sıpatında qollanılıp keliwi múmkin. Sóylew mádeniyatı bul ilimlerdiń tiyisli hádiyselerin tuwrıdan-tuwrı úyrenbeydi, al, olardı sózdiń baylanıslı sıpatlarına unamlı yaki unamsız tásirine baylanıslı tekseredi. Máselen, sóylew mádeniyatı sóylew dawıslarınıń únli hám únleslerden ibaratlıǵı, olardıń aytılıwı hám bul sózdiń tıńlawshıǵa jetip barıwındaǵı tásiri kóz qarasın úyrenedi.

Sóylew mádeniyatı tiykarınan stilistikaǵa jaqın bolıp, stilistika til stillerin úyrenedi. Sóylew mádeniyatı ádebiy tildiń grammatikası menen de tıǵız baylanıslı. Sebebi sózdiń durıslıǵı, onıń tiykarǵı ózgesheligi bolıp, ol grammatika arqalı alınǵan bilimlerge súyense de, til materiallarına bolǵan qatnasına qaray onnan parıqlanadı.

Sóylew mádeniyatı – sóylewdiń normaǵa boysınıwı, mas keliwi, normanı buzıw jaǵdayları menen tereń qızıqsınadı. Ol sap ámeliy maqsetti gózlewshi taraw sıpatında til qurılısınıń normativ bekkem emes tarawların belgilew hám ázzi tárеplerin bekkemleytuǵın usınıslar beriw menen shuǵıllanadı. Sóylew mádeniyatı grammatikalıq normalar sistemasın, bul sistemanı kúsheytiwshi yaki páseytiwshi jaǵdayların úyrenedi.

Hár bir sózde tildiń barlıq bólimleri azǵana bolsa da óz kórinisin tabadı. Tildiń bir tarawı da qatnaspay qalǵan sóz bolıwı múmkin emes. Demek, hár qanday sózde tildiń fonetikası da, sintaksisi de, stilistikası da qatnaslı boladı. Solay eken, sóylew mádeniyatı – til iliminiń birlıq tarawları menen tuwrıdan-tuwrı baylanısqan boladı.

Tildiń lingvistikalıq imkaniyatların iyelew eki basqıshta ámelge asadı. Birinshi basqısh, til quralların biliwden ibarat. Bul sózdi tıńlaǵanda onda qollanılǵan til quralларınıń mánisi hám wazıypasın anıqlawda kórinedi. Yaǵnıy, tıńlawshı tıńlaǵan hám oqıǵan narselerin túsinedi. Bunday shaxs ózgeler sóylewin jaqsı túsinedi. Biraq óziniń sózi tildiń rán-báreń imkaniyatlarınan málim, jarlı boladı.

Ekinshi basqısh til sisteması usınıs etken imkaniyatlardıń úlken bólegin ózlestiriwden, olardı sóz tezligine aylandırıp alıwdan ibarat. Buǵan erisken shaxstıń sózi ráwan, bay obrazlı, orınlı boladı. Birinshi basqıshta tańlap alınǵan sóz quralları ústinde úzliksiz shuǵıllanıw, olardı esinde saqlawǵa itibarlı bolıwı bul imkaniyatlardı sóylewdiń tezligine aylandıradı.

Insannıń sóylew xızmeti úsh kóriniste ámel etedi. Bular sóylew, oqıw hám esitiw. Sóylew degende sóylewshiniń maǵlıwmat, másláhat beriwi, buyırıwı, ózine namálim nárseler haqqında sorawın ańlatadı. Sóylegende sóylewshiniń bilimi, mádeniyatı, minez-qulqı júzege shıǵadı.

Sóylew monologiyalıq hám dialogikalıq kóriniste bolıwı múmkin. Monologiyalıq noqatta bir adamnıń pikirleri qarama-qarsı sorawlarsız yaki juwaplarsız júzege keledi. Sáwbetles tárepinen bólinbeydi. Dialogiyalıq noqatta sáwbet qurıwshı shaxslar náwbeti menen gá tıńlawshı, gá sóylewshi xızmetin atqaradı.

Oqıw ápiwayı oqıw hám ilimiy oqıw (zárúr nárselerdiń astına sızıp oqıw, úzindiler kóshirip jazıw, qısqa konspekt alıw, shıǵarma ústinde pikir júritip oqıw) dan ibarat. Ápiwayı oqıǵanda oqıwshı ushın jazba sóz mazmunı menen tanısıwdıń ózi maqset etip qoyıladı. Ilimiy oqıwda oqıwshı shıǵarmanı analiz etiwi, onnan basqa bir maqset ushın paydalanıwdı, onıń mazmunın qayta bayanlawdı maqset etedi.

Bizge málim, sóz awızeki hám jazba kórinislerge iye boladı. Awızeki sóz sóylewshi sóylep turǵan waqıt birliginde ǵana bar bolıp, bul jaǵday tamamlanıwı menen sóz de tamamlanadı. Biraq, sóz tásirinde oyanǵan sezim, berilgen informaciya málim waqıtqa shekem tıńlawshınıń sanasında saqlanıp, onıń minezine tásir etiwi múmkin.

Awızeki sóz ózgeshelikleri haqqında tómendegilerdi kórsetiwge boladı:

1. Awızeki sóz tezlik penen (avtomat tárizde) ámelge asırıladı. Túsinikler menen «onıń libası» bolǵan sóz birgelikte «jasın tezliginde» tilge keledi. Bazı da túsinikti bayanlawshı sózdi sol tezlikte sóylewshi túsinbey de qaladı. Sóylewshi onǵa jaqın oylanǵan túsinikti bayanlay almaytuǵın sózlerdi qollanıwı múmkin. Biraq, aytılǵan sózler gózlegen maqsetti tolıq júzege shıǵarmaydı. Bunnan tıńlawshı da, sóylewshi de zıyan kóredi.

2. Awızeki sóylewde sóz birikpeleri hám gáplerdiń modelleri aytılmaqshı bolǵan pikirge mas halda tezlik penen tańlanadı. Gáp qurılısın, modellerin aqıl menen baqlap baradı. Pikirde aytılǵanlardı yadta saqlaǵan halda rawajlandırıwǵa tuwrı keledi. Eger yad azǵana erinsheklik etse, gáp dúziliwi, sóz birikpeleri, óz-ara logikalıq hám grammatikalıq jaqtan baylanıspay qaladı. Sebebi, jańa bólek aldıńǵı bólim umıtılǵanı

ushın onıń menen maslasa almaydı. Máselen «ústaz, sizdi… xalq aldında qılǵan xızmetlerińizden biz minnetdarmız». Mısalda sóylewshi óziniń «Ustaz sizdi…» bólegin aytqannan soń onı qanday rawajlandırıw ústinde pikirlewi waqtında aldıńgı bólimdi, aldın oylanǵan modeldi umıtıp qoygan. Sol sebepli sóz keyingi bólimler menen grammatikalıq ham logikalıq jaqtan baylanıspay qalǵan.

3. Awızeki sóylew redaktorlanbaydı, yaǵnıy qayta islenbeydi. Ol qanday formada júzege kelgen bolsa, solayınsha tıńlawshıǵa usınıladı.

4. Awızeki sóylewde, ádette, sáwbet ushın eń zárúr nárseler ǵana qollanıladı. Bul bir tárepten waqıttı únemlew, ekinshi tárepten, sóz kúshin tejew menen baylanıslı. Soǵan bola, onda uzınnan-uzaq kirisiw, keń bayanlawlar kem ushıraydı. Kerisinshe, hádiyselerdiń, nárselerdiń óz-ara baylanıslıq dárejeleri, olardıń tıńlawshı hám sóylewshige anıqlıq dárejesi esapqa alınadı. Tek zárúrlik sezilgende ǵana áwelden málim nárselerge túsinik beriledi.

5. Awızeki sóylew sóz baylıǵı tárepinen jazba tekstke qaraǵanda bir qansha jarlı boladı. Onda bir qıylı sózler, bir qıylı formalar ádewir kóbirek tákirarlanadı. Bul jaǵday til qurallarıń tańlaw qıyınshılıqları menen baylanıslı boladı.

6. Awızeki sóylewde sóylewshiniń jedel sóz hareketi pauza, ırǵaq, pát hám belgiler pikirdiń tıńlawshıǵa jetip barıwında áhmiyetli orın tutadı.

Jazba tekst awızeki sóylewden tómendegi ózgeshelikleri menen ajıralıp turadı:

1. Sózdi jazıp atırǵanda avtor waqıt tárepinen biymálel pikirlew imkaniyatına iye boladı.

2. Sózdiń bóleklerin hám pútkil tekstti qayta-qayta tekseriw, pikir ushın eń sáykes keletuǵının tańlaw imkaniyatı boladı. Gáp dúzilisin qolaylastırıwı múmkin. Sonıń ushın da, jazba tekst awız eki sózge qaraǵanda bir qansha obrazlı, anıq hám ráwan boladı.

Álbette, búgingi kúnge kelip, sóylew mádeniyatına bolǵan talap hám juwapkershilik kúnnen-kúnge artıp barmaqta. Sebebi, mámleketimiz xalqımızdıń keleshekte ózine tán rawajlanıw jolın tańlap aldı. Usı joldan adaspay barıw ushın milliy ǵázezsizlik ideyası, sońınan jańa Ózbekstannıń hám jańa Qaraqalpaqstannıń rawajlanıw strategiyaları belgilep alındı. Mine, usı ideyalardı xalıqtıń sanasına tereń sińdiriw, turmısımızǵa keńnen en jaydırıw ushın da oratorlıq hám tásirsheń sóylew menen úgit-násiyalatlawdıń áhmiyeti úlken. Sebebi, «óz ornında hám óz waqtında qollanılǵan sózler, rawan hám anıq bayan etilgen pikirler, mánili bayanatlar hámme waqıtta adamlarǵa tez hám nátiyjeli tásir etedi

Qarım-qatnasıq processinde turaqlı pikirge, durıs ideyaǵa iye bolıw máseleniń bir tárepi. Onıń basqa da áhmiyetli tárepleri bar, bul sol pikirdi jetkeriw qábiyletiniń bar ekenligi»[1]. Eger solay bolsa, onda sóylew mádeniyatın iyelew ushın qanday wazıypalardı ámelge asırıw kerek hám bunda ádebiy til normalarınıń ornı qanday? Bu sorawǵa juwaplardı, eń dáslep belgili tilshi alımlardıń teoriyalıq, ilimiy miynetlerinen izleymiz. Máselen, S.I.Ojegov bılay dep jazadı: «Joqarı dárejede sóylew mádeniyatı degenniń ózine ne? Joqarı dárejede sóylew mádeniyatı - óziniń pikirlerin til qurallarınıń járdemi menen durıs, anıq hám tásirsheń etip jetkere alıw bolıp esaplanadı. Al, sóylew mádeniyatı dep, házirgi ádebiy til normalarınıń tiykarında dúzilgen sóylewge aytıladı. Biraq, joqárı sóylew mádeniyatı tek ádebiy til normalarına ámel etiwden ibarat bolıp qalmaydı. Ol jáne de pikirdi jetkeriwdiń anıq usılın tabıwdan ibarat bolıp qalmastan, bir qansha tásirsheń hám maqsetke muwapıq usıldı tabıw uqıbın da óz ishine aladı[2].

L.I. Skvorcov: «Sóylew mádeniyatı» túsinigi bir tárepten sóylewdiń ádebiy til normalarına sáykes keliw dárejesin bildirse, ekinshi tárepten til bilimi tarawınıń mádeniyat quralı bolǵan ádebiy tildi quramalastırıw maqsetinde normalastırıw mashqalaları menen shuǵıllanatuǵın taraw»[3]. Málim bolıwınsha, sóylew mádeniyatı, eger máselege lingvistikalıq kóz-qarastan qaralatuǵın bolsa, bul dáslep sóylewdiń grammatikalıq jaqtan durıslıǵına tiykarlanadı. Ekinshiden bolsa, ol stilistikalıq jaqtan da durıs bolıwı kerek, yaǵnıy jaqsı sóylewde naanıqlıq, eki máńililik, uzınnan uzaqlıqqa jol qoymaw, kerisinshe, qısqalıq, anıqlıq hám ápiwayılıq onıń ólshemi bolıwı kerek. Keń mánisinde bolsa, sóylew mádeniyatı sóylewdegi tásirsheńlikti, dóretiwshilik penen jandasıwdı, ótkirlik hám obrazlılıqtı óz ishinde sáwlelendire aladı. Joqarıda atap ótkenimizdey, sóylew mádeniyatı mashqalaları menen alımlar hámme zamanlarda da, barlıq dáwirlerde de shuǵıllanıp kelgen.

Sóylew mádeniyatı hár bir dáwirde óziniń aktuallıǵı menen kózge taslanadı. Bul tarawdı tereń úyreniwde, biz onıń jańa teoriyaların, jańa ózgesheliklerin payda etemiz. Sonlıqtan insannıń sóylew mádeniyati ásirler dawamında qáliplesip, jıldan-jılǵa rawajlanıp jańa baǵıttı, jańa ilimdi payda ete beredi.

**Paydalanílǵan ádebÍyatlar dizimi:**

1. Миллий истиқлол ғояси: асосий тушунча ва тамойиллар. Олий таълим муассасалари учун қўлланма. – Т.: Янги аср авлоди, 2001. – Б. 191.
2. Ожегов С.И. Лексикология. Лексикография. Культура речи. – М.: 1974. – С. 287-288.
3. Л. И. Скворцов. Основы культуры речи : Хрестоматия.– М.: ВШ. 1984. – Б. 29.

---

[1] Миллий истиқлол ғояси: асосий тушунча ва тамойиллар. Олий таълим муассасалари учун қўлланма. – Т.: Янги аср авлоди, 2001. – Б. 191.
[2] Ожегов С.И. Лексикология. Лексикография. Культура речи. – М.: 1974. – С. 287-288.
[3] Л. И. Скворцов Основы культуры речи. Хрестоматия. – М.: ВШ. 1984. – Б. 29.